

Ann pale sou kanpe veyikil pandan mote a limen ki ilegal  
avèk èd elèv New Bedford High School yo

**Pwokirè Jeneral Andrea Joy Campbell:** kanpe veyikil pandan mote a limen danjere pou anviwònman an ak pou sante nou. Nan Biwo Pwokirè Jeneral la, nou travay pou nou sispann pratik illegal kanpe veyikil pandan mote a limen, sitou pou kamyon ak lòt machin dyezèl. Nou pran angajman pou pwoteje anviwonman nou epi, nòmalman, sante tout moun nan Commonwealth la. Sou sit entènèt nou an w ap jwenn yon fòm pou rapòte pratik illegal sa a. Epi sonje, li illegal pou yo kanpe veyikil la pandan mote a limen pou plis pase 5 minit.

--

**Elèv 1:** Ey, konbyen tan anvan Luke soti?

**Elèv 2:** Oh, apeprè 10 minit.

**Elèv 1:** Ou ta dwe pwobableman etenn mote veyikil ou nan moman sa a.

**Elèv 2:** Pou kisa?

**Elèv 1:** Premyèman, li ilegal, men li danjere tou pou nou ak pou anviwònman an.

**Elèv 2:** Se jis yon grenn ti veyikil lan pou kèk minit.

**Elèv 1:** 10 minit se plis pase kèk minit, men ak lafimen ki soti nan moflè motè gazolin ak motè dyezèl yo kontribye nan fòmasyon de polyan danjere ki fini nan lè a. Yo toksik pou nou ak pou anviwònman an. Sa pa bon pou nou epi pou monn n ap viv la.

**Elèv 2:** Men, ki jan sa diferan de sa k ap pase lè mwen, ou konnen, kole nan trafik?

**Elèv 1:** Pafwa nou pa ka evite kenbe mote a limen, tankou lè nou bloke nan trafik oswa lè limyè yon otobis ap flache, oswa lè fè cho oswa frèt. Men, an jeneral, li danjere epi li pa nesesè. Ou pa sonje move sant bis yo te fè lè nou te oblige tann yo?

--

**Elèv 2:** Poukisa nap tann la a konsa? Sant sa yo fè tèt mwen vire.

\*elèv la tous\*

**Elèv 2:** Li pa ka bon pou Luke ak kondisyon asm li an. Poukisa yo pa kanpe bis la? Nou pa janm kite anvan 2:50 de tout fason.

--

**Elèv 2:** Mwen pa t reflechi sa. M ap fè menm sa bis la te konn fè epi m ap plenyen pou sa. Si veyikil mwen an se yon pwoblèm konsa, mwen pa ka imajine enpak veyikil ki pi gwo genyen.

--

Men ki jan ou ka rapòte pratik illegal sa a lè w sèvi avèk fòm pou rapòte nou an. Premyèman, chwazi lang ou pi pito nan tèt fòm lan. Non ou ak enfòmasyon ou yo konplètman opsyonèl. Pa blye endike ki kote ak ki lè ou te wè veyikil la kanpe ak mote limen a. Si ou konnen konbyen tan egzak la, sa ap bon anpil. Men, yon estimasyon ase tou. Sonje ke nou enterese nan veyikil komèsyal dyezèl, tankou kamyon ak otobis, ki san nesesite pou plis pase 5 minit, pa veyikil ki bloke nan trafik, nan move tan kote fè cho oswa fè frèt anpil, oswa ki sèvi ak limyè otobis k ap flache oswa yon asansè pou chèz woulant.

--

**Prokirè Campbell:** Mèsi paske w ede nou prezève anviwònman nou, lè nou ak sante nou. Mèsi.

--

Limit responsabilite nou: Nou ka soumèt enfòmasyon sa yo bay moun oswa konpayi ou rapòte a oswa bay lòt ajans ki fè respekte lalwa ak ajans reglemantasyon pou nou ka abòde pwoblèm veyikil ki kanpe ak mote yo limen pandan sa ap rive a. Enfòmasyon sa a ka disponib kòm yon pati nan yon demann dosye piblik. Biwo Prokirè Jeneral la (AGO) mennen moun ak konpayi an jistik pou fè respekte lwa Commonwealth yo, men nou pa ka reprezante moun oswa bay konsèy legal.